

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan metode panalungtikan anu ngawengku tujuh sub-bab, nya éta metode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, léngkah-léngkah panalungtikan, desain panalungtikan, lokasi panalungtikan jeung sumber data, jeung wangenan operasional.

#### **3.1 Metode Panalungtikan**

Metode panalungtikan nya éta cara pikeun nyangking data panalungtikan luyu jeung udagan anu rék dihontal. Hal ieu luyu jeung pamadegan Sugiyono dina Widiastuti (2014, kc. 33) nétélakeun yén métode panalungtikan nya éta cara ilmiah anu digunakeun sangkan meunang data kalayan udagan jeung kagunaan anu tangtu. Kitu deui, numutkeun Arikunto (2010, kc. 203) metode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif numutkeun Moleong (2012, kc. 6) nya éta panalungtikan anu miboga maksud pikeun maham fenomena ngeunaan hal anu kaalaman ku subjek panalungtikan, misalna kalakuan, persepsi, motivasi, tindakan, jrrd., sacara holistik, sarta ku cara deskripsi dina wangun kecap jeung basa, dina hiji konteks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun rupa-rupa metode alamiah.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode kualitatif kalayan pamarekan etnografi jeung déskriptif. Numutkeun Moleong (2012, kc. 26) pendekatan etnografis sacara umum nya éta *pengamatan-berperan* sarta salaku bagian tina panalungtikan lapangan. Numutkeun Arikunto (2010, kc. 3) métode déskriptif nya éta panalungtikan anu miboga maksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, jeung anu aya patalina kana éta hal, anu hasilna bisa diébréhkeun kana laporan panalungtikan.

Pamarekan etnografi digunakeun pikeun panalungtik turun langsung ka lapangan, ngilu anclub kana prosés lumangsungna upacara adat gusaran, tuluy nalungtik hal-hal anu patali jeung upacara adat gusaran. Métode déskriptif kualitatif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kaayaan,

struktur prak-prakan jeung unsur sémiotik nu aya dina upacara adat gusaran di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupaten Subang.

### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji usaha sangkan bisa ngalaksanakeun panalungtikan ngagunakeun metodé anu baris ditangtukeun, sangkan udagan nalungtik ngeunaan struktur sémiotik dina upacara adat gusaran bisa kahontal.

#### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik observasi, téhnik studi pustaka, téhnik wawancara, jeung téhnik dokumentasi.

##### 1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi nya éta téhnik panalungtikan anu dilaksanakeun sacara turun langsung ka lapangan pikeun meunangkeun informasi anu akurat ngeunaan kaayaan upacara adat gusaran di Désa Tambakmekar, struktur prak-prakan upacara adat gusaran sarta unsur sémiotik nu aya dina upacara adat gusaran.

##### 2) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu sipatna dokumen, misalna data gambar-gambar atawa tinulis. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun tiori-tiori jeung data anu digunakeun pikeun pangdeudeul panalungtikan.

##### 3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi ku cara tanya jawab jeung informan anu bisa méré informasi jeung pamadegan ngeunaan kaayaan upacara adat gusaran di Désa Tambakmekar, prak-prakana sarta unsur sémiotikna. Tanya jawab jeung informan anu boga pangaweruh leuwih jembar ngeunaan maksud nu aya dina upacara adat gusaran, misalna ka sesepuh/kolot nu aya di Désa Tambakmekar.

#### 4) Téhnik Dokumentasi

Téhnik dokumentasi nya éta téhnik nu digunakeun ku cara ngadokumentasikeun naon-naon nu patali jeung panalungtikan, saperti ngadokumentasikeun prak-prakanna upacara adat gusaran, pakakas nu digunakeun sarta ngadokumentasikeun wawancara jeung narasumber.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu digunakeun dina ngolah data nya éta:

- 1) ngaidéntifikasi masalah. Masalah dina ieu panalungtikan nya éta kurang dipikawohna maksud jeung tanda dina kabudayaan upacara adat gusaran;
- 2) ngalakukeun studi pustaka nu patali jeung masalah;
- 3) nganalisis maksud jeung tanda nu aya dina upacara adat gusaran ngagunakeun tiori Pierce, nu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol;
- 4) milah-milah data dumasar wangunna;
- 5) ngadéskripsikeun jeung nyusun data hasil panalungtikan; jeung
- 6) nyieun kacindekan dina hasil panalungtikan.

### 3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kamera, *handphone*, pedoman observasi, jeung pedoman wawancara.

#### 1) Kamera

Kamera digunakeun pikeun ngadokumentasikeun prak-prakanna upacara adat gusaran jeung narasumberna boh dina wangun foto atawa vidio.

#### 2) *Handphone*

*Handphone* dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngarekam sora narasumber nu diwawancara ngeunaan kabudayaan upacara adat gusaran.

#### 3) Pedoman Observasi

Pedoman observasi digunakeun pikeun pedoman dina ngalaksanakeun panalungtikan langsung ka lapangan. Observasi dilaksanakeun sangkan data-datana teu mempar tina objék panalungtikan. Format observasi saperti ieu di handap.

Téma observasi:.....

Lokasi observasi:.....

Waktu observasi:.....

**Tabél 3.1**

**Pedoman obsérvasi dina Prak-prakanana Upacara Adat Gusaran**

No	Objék anu diobsérvasi	Aya	Teu aya	
1	Pakakas anu dipaké	Baskom keur wadah cai konéng		
		Samak		
		Lisung		
		Halu		
		Sapu tangan		
		Baju kariaan		
		Sapatu kariaan		
		Papajangan		
		Baju awéwé jeung lalaki		
2	Bahan-bahan anu dipaké dina upacara adat gusaran	Cai konéng		
		Cai béas		
		Kembang tujuh rupa		
		Bakakak hayam		
		Bubur bodas bubur beureum		
		Susuguh		
		Tumpeng		
		Cai jeung daun hanjuang		
		Menyan		
3	Jalma nu ngilu ilubiung kana lumangsungna upacara adat gusaran	Sesepuh lembur		
		Budak nu rék digusaran		
		Paraji		
		Ibu-ibu nu tutunggulan		
4	Unsur kaagamaan	Istigosahan		

*Diropéa tina Isnendes (2013, kc.121 )*

4) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun pedoman dina ngalaksanakeun wawancara, sangkan waktu wawancara teu mempar teuing dina udagan ngaguar ngeunaan upacara adat. Wawancara dilaksanakeun sangkan informasi ngeunaan upacara adat leuwih munel sarta meunang informasi luyu jeung udagan panalungtikan nya éta apal struktur lumangsungna upacara adat

gusaran jeung unsur sémiotik anu nyampak dina upacara adat gusaran. Patalékan-patalékan anu di tulis dina ieu pedoman wawancara ngan saukur gurat badagna hungkul, dina prak-prakana mah éta patalékan bakal leuwih luas ngaguar ngeunaan upacara adat. Éta patalékan bisa di tingali dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.2**  
**Pedoman Wawancara**

No	Rumusan	Pertanyaan
1	Asal-muasal upacara adat gusaran	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kumaha sajarah mimiti aya upacara adat gusaran di Désa Tambakmekar?</li> <li>- Kumaha respon masarakat jaman baheula jeung kiwari kana diayakeuna upacara adat gusaran?</li> <li>- Aya parobahan naon upacara adat gusaran jaman baheula jeung jaman kiwari?</li> </ul>
2	Prak-prakan upacara adat gusaran	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kumaha struktur prak-prakan upacara adat gusaran?</li> <li>- Persiapan naon waé anu kudu disiapkeun saacan lumangsung upacara adat gusaran?</li> <li>- Aya ritual husus atawa henteu dina upacara adat gusaran?</li> </ul>
3	Fungsi, tujuan jeung mangpaat	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Naon fungsina diayakeun upacara adat gusaran di Désa Tambakmekar?</li> <li>- Naon tujuan diayakeun upacara adat gusaran?</li> <li>- Aya mangpaatna atawa henteu diayakeun upacara adat gusaran?</li> <li>- kumaha balukarna lamun upacara adat gusaran teu dilaksanakeun?</li> </ul>
4	Palaku, bahan-bahan jeung pakakas dina upacara adat gusaran	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Saha waé nu ngilu ilubiung dina upacara adat gusaran?</li> <li>- Pakakas naon waé anu kudu dipersiapkeun dina upacara adat gusaran?</li> <li>- Bahan-bahan naon waé anu kudu aya dina upacara adat gusaran?</li> <li>- Aya maksud naon waé anu nyampak dina pakakas jeung bahan dina upacara adat gusaran?</li> <li>- Aya parobahan atawa henteu bahan-bahan jeung pakakas jaman baheula jeung kiwari?</li> </ul>

*Diopéa tina Isnendes (2013, kc.118*


### 3.4 Desain Panalungtikan

Ieu desain dipaké pikeun ngadéskripsikeun asal-muasal upacara adat gusaran nu aya di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupatén Subang, prak-prakan upacara adat gusaran, jeung struktur sémiotik nu aya dina upacara adat gusaran.

Ieu panalungtikan disusun ngagunakeun sababaraha léngkah, nya éta nangtukeun masalah, ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah, nyieun instrumén panalungtikan, observasi kana objek panalungtikan pikeun ngumpulkeun data, tuluy data diolah sarta didéskripsikeun dina wangun karangan, anu ahirna hasil panalungtikan dicindekkeun. Ku kituna struktur desain dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

#### Bagan 3.1

#### Desain Panalungtikan



### 3.5 Lokasi Panalungtikan jeung Sumber Data

#### 3.6.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan nya éta di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupatén Subang. Luas lahan pamukiman 40 Ha/m<sup>2</sup>, lahan pasawahan 55,32 Ha/m<sup>2</sup>, lahan *perkebunan* 108,42 Ha/m<sup>2</sup>, luas *pemakaman* 1,50 Ha/m<sup>2</sup>, luas buruan 10,00 Ha/m<sup>2</sup>, luas taman 0,5 Ha/m<sup>2</sup>, luas *perkantoran* 0,2 Ha/m<sup>2</sup>, luas prasarana umum 1,66 Ha/m<sup>2</sup>. Ku kituna, total luas wilayah Désa Tambakmekar 217,60 Ha/m<sup>2</sup>.

Ieu di handap data jumlah penduduk Désa Tambakmekar numutkeun jenis kelamin jeung tingkat pendidikan.

**Tabél 3.3**

#### Jumlah Penduduk Numutkeun Jenis Kelamin

Jenis Kelamin	Jumlah
Lalaki	4.304 Orang
Awéwé	4.356 Orang
Jumlah Total	8.658 Orang

**Tabél 3.4**

#### Jumlah Penduduk Numutkeun Tingkat Pendidikan

Tingkat Pendidikan	Jumlah
SD	1.697 Orang
SMP	689 Orang
SMA	667 Orang
Diploma (1,2,3,4)	59 Orang
Sarjana (1,2,3)	97 Orang
Tidak Pernah Sekolah	-

Désa Tambakmekar miboga kondisi lahan nu datar nu mangrupa lahan *perkebunan* jeung *pertanian*. Désa Tambakmekar dibagi jadi tilu dusun, nya éta: (1) dusun I (Rancabogo), (2) dusun II (Simpang), (3) dusun III (Patrol). Watesan-watesan administratif Désa Tambakmekar nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Belah kaler (Utara) : Desa Cijambe
- 2) Belah wetan (Timur) : Désa Bunihayu
- 3) Bélah kulon (Barat) : Désa Kumpay

4) Bělah kidul (Selatan) : Désa Tambakan

Jarak Désa Tambakmekar ka Ibu Kota Kecamatan Jalancagak 4 KM, jarak ka Ibu Kota Kabupatén Subang 12 KM, jarak ka Ibu Kota Provinsi Bandung 45 KM, sarta jarak ka Ibu Kota Negara Jakarta 130 KM.

**Gambar 3.1**  
**Lokasi Désa Tambakmekar**



### 3.6.2 Sumber Data

Numutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa di paké dina meunangkeun data. Anu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta upacara adat gusaran anu aya di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupatén Subang. Anu jadi sumber data dina panalungtikan nya éta di handap ieu.

- 1) Data ti sesepuh atawa kolot di Désa Tambakmekar, anu leuwih apal kana upacara adat gusaran pikeun meunangkeun data ngeunaan upacara adat gusaran anu aya di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupatén Subang.
- 2) Data di Désa Tambakmekar, pikeun meunangkeun data ngeunaan kaayaan Désa Tambakmekar.

3) Data ti sababaraha jalma di Désa Tambakmekar, anu apal kana upacara adat gusaran.

Format data informan anu diasongkeun waktu lumangsungna wawancara nya éta saperti ieu di handap.

**Tabél 3.5**  
**Data Informan**

No	Foto/Wasta	Yuswa	Agama	Pakasaban	Kalungguhan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1	 Amar	78 Taun	Islam	Wiraswasta	Sesepuh Lembur
2	 Aceng Warga	68 Taun	Islam	Wiraswasta	Sesepuh Lembur
3	 Tasih	74 Taun	Islam	Ibu rumah tangga	Paraji

4	 <p data-bbox="470 584 571 618">Amung</p>	75 Taun	Islam	Wiraswasta	Sesepuh Lembur
---	--	---------	-------	------------	-------------------

### 3.7 Wangenan Operasional

Sangkan meunang gambaran dina ieu panalungtikan, baris ditataan ieu di handap ngeunaan istila-istilah panalungtikan.

- 1) Sacara étimologis, strukturalisme asal kecapna “struktur”, hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*elements*); éta hubungan téh digelar ku penelitian hasil tina pengamatan. Éta kaitan atawa hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék nu ditalungtik. Éta objek panalungtikan téh mungkin baé mangrupa badan manusa, minat manusa, masarakat, matematika, metodologi, alam, basa atawa sastra. Kaitan jeung gejala, dua hal penting anu disebut tadi téa mangrupa wujud anu sipatna abstrak (Koswara, 2011, kc. 13).
- 2) Sémiotik nya éta élmu anu ngulik jeung maluruh ngeunaan rupa-rupa tanda anu nyampak dilingkungan masarakat. Sobur (2009, kc. 15) nétélakeun yén sémiotik nya éta élmu atawa métode analisis pikeun ngulik tanda. tanda-tanda nya éta pakakas anu dipaké dina upaya pikeun usaha néangan jalan di dunya, disabundereun manusa.
- 3) Upacara adat gusaran nya éta upacara adat anu aya di Désa Tambakmekar. Ieu upacara adat gusaran biasana dilaksanakeun ku budak awéwé atawa lalaki anu rék kariaan. Upacara adat gusaran mangrupa salasahiji kagiatan kabudayaan anu aya di Désa Tambakmekar, biasana lamun geus ngalaksanakeun upacara adat gusaran budak sok di kariaankeun, nya éta di taékeun kana sisingsaan tuluy diarak-arak ngurilingan lembur. Upacara adat gusaran geus jadi adat kabiasaan anu diturunkeun sacara turun-tinurun.